



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON PWOJÈ LWA POU MONTE LAJ KONDANASYON
KRIMINÈL LA A 18 AN NAN NEW YORK**

*Pwojè Lwa sa a Asire Jènmoun ki Komèt Krim ki pa Vyolan va Jwenn Èd ak
Tretman, selon sa Evidans yo Montre yo Bezwen*

Yo p ap Fenmen Jènmoun nan Rikers Island ankò apati 1^{ve} Oktòb 2018

Pwojè Lwa Kreye Yon Fòs Entèkansyon pou Reyalizasyon Ogmante Laj la

*Moun ki Rete san Komèt Krim Pandan Dizan Kapab Aplike pou Selaj
Kondanasyon Kriminèl Anvan yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen yon pwojè lwa ki monte laj kondanasyon kriminèl lan a 18 an, pou asire ke jèn moun nan New York ki komèt krim ki pa vyolan jwenn èd ak tretman, selon sa evidans yo montre yo bezwen. Yo te pase pwojè lwa a nan kad Bidjè ane fiskal 2018 la, e li reprezante yon akonplisman enpòtan pami efò Gouvènè an ap fè pou asire sistèm jidisyè a vin pi jis e pi ekitab.

New York te anvan sa yonn nan sèl de eta ki nan nasyon an ki pwosede otomatikman tout jèn ki gen laj 16 ak 17 an yo kòm granmoun nan sistèm jistis kriminèl la, kèlkeswa enfraksyon ke yo komèt. Gouvènè an te siyen pwojè lwa a nan NYC Mission Society, sou kote Soffiyah Elijah, Direktè Egzekitif Alyans Fanmi pou Lajistis (Alliance of Families for Justice), Akeem Browder, Rev. Al Sharpton, ak lòt lidè nan mouvman jistis sosyal la.

“Pwojè lwa a monte laj kondanasyon kriminèl lan, sa ki pral fè kantite krim yo desann, ansanm avèk residivis ak depans leta oblije fè. L ap ede nou kenbe pwomès New York te fè pou li amelyore jistis sosyal e mentni valè pwogresis debaz nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou mete jènmoun nan sant ki apwopriye epi nou ba yo èd yo bezwen, sa pèmèt yo rejwenn lespwa ak pwomès, epitou sa ede yo redrese vi yo pou yon lavni miyò, non sèlman pou tèt yo, men pou fanmi yo e pou tout moun k ap viv nan gwo eta nou an.”

Si nou pa gen sant ak pwogram ki apwopriye pou yo, jèn yo fè fas a pi gwo risk pou yo vin enplike nan gwo atak, pou yo viktim vyolans seksyèl, e pou yo komèt suisid. Jèn ki fèmen nan menm sant ak granmoun gen senk fwa plis risk pou yo komèt suisid, an konparezon ak rès popilasyon jeneral la.

Jèn ke yo trete tankou granmoun gen pi gwo risk residivis pase jèn yo trete tankou jèn moun, e jèn moun ke yo transfere nan sistèm jistis kriminèl pou granmoun yo gen 34 pousan plis risk pou yo re-arete yo pou krim vyolan oswa lòt krim, an konparezon ak jèn moun ke yo kenbe nan sistèm jistis pou timoun nan. Yo estime ke lè yo ogmante laj pou kondanasyon kriminèl lan, sa va anpeche ant 1,500 a 2,400 krim chak senkan.

Se plis jèn moun koulè ki ateri nan prizon a 16-17 an. Jèn nwa ak jèn panyòl reprezante 33 pousan jèn moun 16-17 nan tout eta, e poutan yo reprezante 72 pousan tout arestasyon ki fèt. Pami adolesan ki komèt krim, pifò pa vyolan.

Nouvo mezi yo pral rantre an vigè ofiyamezi. Y ap monte laj delenkans jivenil la de 16 a 17 an apati 1^{ye} Oktòb 2018, e apre sa y ap monte laj pou kondanasyon kriminèl lan a 18 an nan dat 1^{ye} Oktòb 2019.

Yo p ap pèmèt pou yo loje jèn moun nan sant oswa prizon pou granmoun ankò. Yo pa pral plase oswa kenbe ankò jèn moun ki anba laj dizwit an yo nan Rikers Island ki nan Vil New York pa pi ta pase 1^{ye} Oktòb 2018. Yo dwe plase yo nan etablisman detansyon jivenil ki espesyalize ki sètifye pa Administrasyon pou Sèvis Timoun yo nan Vil New York (New York City Administration for Children's Services), ak Biwo pou Sèvis Familyal ak Timoun yo nan Eta a (State's Office of Children and Family Services), epi an kolaborasyon ak Komisyon Koreksyon Eta a (State's Commission of Correction) ak Depatman Koreksyon Vil New York lan (New York City Department of Corrections).

Eta a pral kreye tou yon fòs entèvansyon pou reyalizasyon Ogmante Laj la (Raise the Age), ak manm komite yo ki chwazi pa Gouvènè a. An plis, moun ki rete san komèt krim pandan dis ane yo apre ke yo sèvi yon santans, yo pral kapab aplike pou selaj kondanasyon kriminèl anvan yo.

###